

## **GEN PLIS LAJAN KI PRAL DISPONIB: PWOGRAM LETA A OGMANTE GENDWA BA W JISKA 10 MILYON DOLA POU BIZNIS OU OSWA ÒGANIZASYON W KI PA POU FÈ PWOFI W LAN KONTINYE MACHE**

Aji depi kounye a: Pwogram PPP a AJOUTE 310 milya dola ki disponib selon premye moun ki vini se premye moun k ap jwenn sèvis

### KISA LI YE?

Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè (Paycheck Protection Program) Administrasyon Etazini pou Tibiznis (Small Business Administration, SBA)

Prè sou 2zan ak yon enterè 1% ou gendwa pa menm bezwen repeye

Prè a fèt pou ankouraje ti biznis yo kenbe anplwaye yo sou pewòl yo

SBA pral padone prè yo si tout anplwaye yo rete sou pewòl konpayi a panda nuit (8 semèn epi tibiznis yo sèvi ak lajan sa a pou peye pewòl, lwaye, enterè sou mògedj (ipotèk) oubyen bòdowa sèvis Leta bay (elektrisite, dlo, telefòn, elatriye)

### KIMOUN KI KALIFYE?

Tibiznis yo ak òganizasyon ki pa pou fè pwofi ki gen 500 anplwaye oswa mwens

### KIJAN OU KAPAB JWENN LI?

Mande bank komèsyal ou si yo ofri Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè SBA an

Si bank ou ofri pwogram la: yo pral esplike kijan pou fè pwosesis aplikasyon an

Si bank ou pa ofri pwogram la: Al gade nan [lis bank SBA tradisyonèl yo](#)

### KISA PRÈ A KOUVRI?

Ou p ap bezwen peye prè yo si lajan an sèvi pou:

- Depans Pewòl
- Enterè sou mògedj (ipotèk)
- Lwaye
- Peman sèvis leta bay (elektrise, dlo, chofaj, telefòn, elatriye)

### OU VLE PLIS ENFÒMASYON OSWA KONSEY?

Al gade sou wèbsayt Depatman Trezò Etazini a [paj enfòmasyon sou pwogram la](#)

Al gade [wèbsayt Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè SBA](#) a

Gen Sant pou Tibiznis (Small Business Centers) ki la pou ede w: Al gade nan [wèbsayt Sant Devlopman Ti Biznis New York](#) (New York Small Business Development Center)